



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN LIY IJANS NAN TOUT ETA A POU REPÒTE ENSIDAN PATIPRI AK DISKRIMINASYON**

***Gouvènè a Òdone Polis Eta a, Polis SUNY (State University of New York) ak Divizyon Dwa Imen Eta (State Division of Human Rights) a pou Fè Lòt Envestigasyon sou Krim Èn ki Repòte nan New York***

***Gouvènè a Ap Voye Lèt nan Ministè Edikasyon Eta a pou Mande Lekòl yo Fè Fòmasyon pou Pèsonèl ak Elèv yo pou Konbat Diskriminasyon***

***Pou Repòte Ensidan Patipri, Kontakte 1-888-392-3644***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse jodi a yon liy ijans gratis pou repòte ensidan patipri ak diskriminasyon atravè eta a. Liy ijans lan ap ranfòse efò eta a pou pwoteje Nouyokè yo epi pèmèt sila ki viktim prejidi yo depoze yon plent nan Divizyon Dwa Imen (Division of Human Rights, DHR) an. Swit apre yon ogmantasyon nan rapò diskriminasyon dènye tan yo, menas, arasman ak vyolans ki baze sou patipri, Gouvènè a te anonse tou investigasyon plizyè ajans sou krim ki baze swadizan sou èn atravè New York. Gouvènè a ap voye yon lèt nan Ministè Edikasyon Eta (State Education Department) a tou pou mande lekòl yo fè fòmasyon pou konbat entolerans ak pwoteksyon elèv New York yo.

Dènye efò sa yo vini apre de investigasyon separe sou swadizan krim èn sa yo nan Wellsville ak Livingston, NY ke Gouvènè a te mennen semèn pase a.

**Gouvènè Cuomo te di:** “New York sèvi kòm limyè espwa ak opòtinite pou tout moun, e n ap kontinye kanpe kont sila yo k ap chèche pwopaje politik divizyon, pè ak èn. Eta sa selebre diferans paske nou konnen se estrikti kilti ak tradison rich la ki fè nou youn nan kote ki pi gwo e ki pi divèsivye nan lemond. N ap kontinye travay ak patnè lokal nou yo pou fè investigasyon sou tout ensidan patipri ki repòte epi asire ke Nouyokè yo santi yo an sekirite epi pwoteje. Tout zak diskriminasyon oubyen entimidasyon ap fè fas ak tout fòs lalwa yo.”

Nou ankouraje Nouyokè ki fè eksperyans patipri oubyen diskriminasyon yo rele nan liy ijans gradis DHR an nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. lendi - vandredi. Si w vle repòte yon krim oubyen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.

Polis Eta New York la genyen 46 ankete aktyèlman ki repati nan Twoup atravè eta a ki te fòme kòm espesyalis krim patipri. Anketè yo travay sou ka Polis Eta ki ka enplike

krim patipri yo e yo disponib pou ede lòt ajans fòs lòd nan tout eta a jan yo mande.

Anplis, nan kad ogmantasyon frekans ensidan sa yo nan lekòl, Gouvènè a ap voye lèt bay Delege Edikasyon Eta a MaryEllen Elia, pou mande Ministè Edikasyon Eta a egzije lekòl yo fè fòmasyon pou pèsonèl ak elèv yo imedyatman pou ranfòse pwovizyon kont diskriminasyon solid ki enkli nan Lwa sou Dwa Imen Legal (Human Rights Law) ak Diyite pou Tout elèv la (Dignity for All Students Act), epi tou, souliye enpòtans pou repòte konpòtman diskriminasyon kriminèl bay fòs lòd la.

Konfòmeman ak lwa eta a, yon moun komèt yon krim laèn lè li poze yon zak, pami yon seri zak byen spesifik, ki vize viktim lan akòz yon pèsepsyon oubyen yon kwayans sou ras, koulè, orijin, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijyon, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl li, oubyen lè zak ki poze a se rezilta kalite pèsepsyon oubyen kwayans sa. Yo ka poze krim laèn kont yon moun oubyen kont yon gwoup moun oubyen kont pwopriyete prive oswa piblik. Epitou, dapre lalwa, li ilegal pou fè diskriminasyon sou baz ras, orijin nasyonal, relijyon, etnisite oswa plizyè lòt klasifikasyon ki pwoteje.

New York gen distenksyon fyè pou l premye eta nan peyi a ki adopte yon lwa sou dwa imen ki bay chak sitwayen “yon opòtinite egal pou pwofite yon lavi konplè epi pwodikatif.” Divizyon Dwa Imen Eta New York (New York State Division of Human Rights) la se ajans ki anchaj pou aplike lwa sa, ki entèdi diskriminasyon nan travay, lojman, akomodasyon kredi, ansanm avèk lòt jiridiksyon, ki baze sou laj, ras, peyi orijin, sèks, oryantasyon seksyèl, estati matrimonyal, andikap, estati militè, ansanm avèk lòt klas presi. Pou plis enfòmasyon sou Lwa sou Dwa Imen ak travay ajans lan, vizite sit entènèt Divizyon Dwa Imen an nan [www.dhr.ny.gov](http://www.dhr.ny.gov).

Si w te viktim yon krim, ou ka kontakte Biwo Eta New York pou Sèvis Viktim (New York State Office of Victim Services, NYS OVS) ki finanse 223 pwogram nan tout eta a ki bay sèvis dirèk tankou entèvansyon ak oryantasyon pou viktim krim, ki enkri krim èn. Pwogram sa yo ka ede tout viktim krim tou pou aplike pou dedomajman ak lòt èd nan ajans lan, ki se yon rezo sekirite pou tout moun ki pa gen lòt resous. Moun k ap chache èd nan men OVS yo ka chache founisè sèvis sou entènèt nan: <https://ovs.ny.gov/locate-program>. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: [www.ovs.ny.gov](http://www.ovs.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418